

Dr Jean-Bertrand Aristide
Ansyen Prezidan Repiblik Ayiti
Reprezantan Nasyonal Fanmi Lavalas

Mesye Gaillot Dorsinvil
Prezidan Konsèy Elektoral Pwovizwa
Repiblik Ayiti

Mesye Dorsinvil,

Mwen salye w e remèsye w pou lèt ou te ekri m nan dat 9 Novanm 2009 la. M tap byen kontan vin patisipe nan reyinyon 13 Novanm la, men malerezman delè a te twò kout. Lese pase Gouvènman Ayisyen an poko rive isit an Afrik di Sid. Donk, ma vini nan yon pwochèn okazyon.

An natandan, mwen mandate Dr Maryse Narcisse pou reprezante Fanmi Lavalas devan Konsèy Elektoral Pwovizwa a. Li gen pouvwa pou enskri kandida pou pòs depite ak senatè Fanmi Lavalas ki pare pou patisipe nan eleksyon lib, onèt e demokratik. Li gen pouvwa pou pale ak Konsèy Elektoral Pwovizwa a nan non Fanmi Lavalas an natandan mwen retounen.

Mesye Dorsinvil, lè ou jije l nesèsè, ou ka toujou ekri m, jan ou te fè l nan lèt 9 Novanm lan.

Mwen kontan salye w yon lòt fwa e m swete se~~tf~~wasi, nouvo KEP sa a va jwenn libète total kapital pou òganize eleksyon lib, onèt e demokratik.

Tout moun se moun.
Tout moun konte.
Vòt tout moun konte.

Patriyotikman,



Dr Jean-Bertrand Aristide
18 Novanm 2009
Pretoria – Afrik di Sid